

Avi sa a dekri fason nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou, ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. Tanpri revize avi a.

**Dwa
Ou yo**

Lè li konsènen enfòmasyon sou sante ou, ou gen sèten dwa.

Seksyon sa a eksplike dwa ou ak kèk nan responsablite nou yo pou ede ou.

Chèche jwenn yon kopi elektwonik dosye medikal ou oswa yon kopi li sou papye

- Ou kapab mande pou wè oswa pou resevwa yon kopi elektwonik dosye medikal oswa yon kopi li sou papye ak yon kopi lòt enfòmasyon nou genyen sou ou. Mande nou kijan pou fè sa.
- N ap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante ou, anjeneral nan 30 jou apre demann ou. Nou ka mande ou pou peye frè jan lwa eta otorize sa.

Mande nou pou korije dosye medikal ou

- Ou kapab mande nou pou korije enfòmasyon sou sante ou si ou panse enfòmasyon yo pa kòrèk oswa si ou panse yo pa konplè. Mande nou kijan pou fè sa.
- Nou ka di "non" pou demann ou, men n ap di ou pou kisa alekri nan 60 jou.

Demann Kominikasyon an sekre

- Ou kapab mande ou pou kontakte ou nan yon fason espesyal (pa egzanp, nan telefòn lakay ou oswa nan telefòn biwo ou) oswa pou voye kourye ba ou nan yon adrès diferan.
- N ap di "wi" pou tout demann rezonab yo.

Mande nou pou limite sa n ap itilize oswa divilge.

- Ou kapab mande pou nou **pa** ni itilize ni divilge sèten enfòmasyon sou sante ou pou tretman, peman oswa operasyon ou yo. Nou pa gen obligasyon pou dakò avèk demann ou epi nou ka di "non" si sa ta afekte swen sante ou.
- Si ou peye nèt pou yon sèvis oswa pou yon atik swen sante avèk lajan pòch ou, ou kapab mande nou pou pa divilge enfòmasyon ou yo ba konpayi asirans ou pou objektif peman oswa pou objektif operasyon nou yo. N ap di "wi" sof si yon lwa egzije nou pou divilge enfòmasyon san yo.

Jwenn yon lis moun nou divilge enfòmasyon an ba yo.

- Ou kapab mande yon lis (kontrandi) kantite fwa nou te divilge enfòmasyon sou sante ou pou sis (6) ane yo anvan dat ou mande a, ba kimoun nou te divilge enfòmasyon yo, epi pou kisa nou te divilge enfòmasyon yo.
- N ap mete tout divilgasyon yo, sof pou divilgasyon konsènan tretman, peman ak operasyon swen sante ak sèten divilgasyon (tankou nenpòt sa ou te mande nou pou fè). N ap ba ou yon kontrandi chak ane gratis men n ap fè ou peye yon frè rezonab ki baze sou pri a si ou mande nou yon lòt kontrandi nan 12 mwa.

Jwen yon kopi avi sa a konsènan pwoteksyon enfòmasyon prive.

- Ou kapab mande yon kopi avi sa a sou papye nenpòt kilè, menmsi ou te dakò pou resevwa avi a sou fòm elektwonik. N ap ba ou yon kopi sou papye san pèdi tan.

Chwazi yon moun pou pran desizyon pou ou.

- Si ou te bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa ou yo epitou li kapab fè chwa sou enfòmasyon sou sante ou.
- N ap asire moun nan gen otorizasyon epitou li kapab pran desizyon pou ou anvan nou fè nenpòt aksyon.

Fè yon plent si ou panse nou vyole dwa ou.

- Ou kapab fè plent si ou panse nou vyole dwa ou. Pou fè sa, ou kapab kontakte nou avèk enfòmasyon ki nan paj 1.
- Ou kapab fè yon plent nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights) depi ou voye yon lèt nan adrès 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, depi ou rele nimewo 1-877-696-6775, oswa depi ou ale nan sitwèb www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints.

Chwa Ou yo

Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou kapab di fè nou konnen sa ou chwazi konsènan enfòmasyon nou divilge yo. Si ou gen yon preferans aklè pou fason nou divilge enfòmasyon ou yo nan sityasyon ki dekri anba la a, pale avèk nou. Fè nou konnen sa ou vle fè a, epi n ap swiv enstwiksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou di nou pou:

- Divilge enfòmasyon yo ba fanmi ou, ba zanmi pwòch ou yo oswa ba lòt moun ki patisipe nan swen sante ou
- Divilge enfòmasyon yo nan sityasyon sekou akòz katastwòf
- Mete enfòmasyon ou yo nan yon anyè lopital

Si ou pa kapab di nou sa ou pi pito a, pa egzanp si ou pèdi konesans, nou ka deside divilge enfòmasyon ou yo si nou kwè sa ap nan pi bon enterè ou. Nou ka divilge enfòmasyon ou yo tou lè li nesesè pou redui yon menas serye ak imedyat pou sante ou oswa sekirite ou.

Nan ka sa yo, nou p ap janm divilge enfòmasyon ou yo sof si ou ban nou pèmasyon alekri:

- Objektif maketing
- Lavant enfòmasyon ou
- Pifò divilgasyon nòt sikoterapi

Nan ka aktivite ranmasaj lajan:

- Nou ka kontakte ou pou efò aktivite ranmasaj lajan, men ou kapab toujou mande nou pou pa kontakte ou ankò.

Itilizasyon ak Divilgasyon nou yo

Kijan nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou anjeneral?

Anjeneral, nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou nan fason sa yo:

Dirije òganizasyon nou

- Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante ou epitou nou kapab divilge yo ba lòt pwofesyonèl swen sante k ap trete ou.

Egzanp: Yon doktè k ap trete ou pou yon chòk mande yon lòt doktè enfòmasyon sou eta sante jeneral ou.

Trete ou

- Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou pou dirije pratik nou, pou amelyore swen sante ou, epi pou kontakte ou lè li nesesè.

Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou kontwòle tretman ak sèvis ou.

Ki lòt fason nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou? Nou gen pèmasyon oswa nou gen obligasyon pou divilge enfòmasyon ou yo nan kèk lòt fason – anjeneral nan fason ki kontribiye nan byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou dwe satisfè sèten kondisyon nan lalwa anvan nou kapab divilge enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon gade: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/comumers/index.html.

Èd avèk pwoblèm sante piblik ak sekirite

- Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou pou sèten sitiyasyon tankou:
 - Prevansyon maladi
 - Bay èd pou rantre pwodui
 - Rapòte reyaksyon negatif nan medikaman yo
 - Rapòte abi, neglijan oswa vyolans nan kay ki sispèk
 - Prevansyon oswa rediksyon yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun

Fè rechèch

- Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou pou rechèch.

Bay repons pou demann don ògàn ak tisi

- Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou ba òganizasyon ki pwokire ògàn.

Konfòme nou avèk lalwa

- N ap divilge enfòmasyon ou yo si lwa leta oswa lwa federal egzije sa, tankou ba Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si yo vle wè si nou konfòme nou avèk lwa federal sou enfòmasyon prive.

Travay avèk yon doktè egzaminatè medikal, yon direktè ponp finèb

- Nou kapab divilge enfòmasyon yo ba yon doktè lejis, doktè egzaminatè, oswa direktè ponp finèb, lè yon moun mouri.

Satisfè demann konpansasyon travayè, lapolis ak lòt demann gouvènman

- Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou:
 - Pou demann konpansasyon Travayè
 - Pou objektif lapolis oswa ba yon ofisyèl lapolis.
 - Ba ajans sipèvizyon pou aktivite lalwa otorize.
 - Pou fonksyon gouvènman tankou fòs lame, sekirite nasyonal ak Sèvis pwoteksyon prezidan.

Bay repons pou pwosè ak aksyon legal

- Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou pou bay repons pou yon lòd administratif tribinal, oswa pou bay repons pou yon asiyasyon pou ale nan tribinal.

Gen kèk enfòmasyon sou sante nou kapab divilge sèlman avèk pèmasyon ou oswa avèk lòd yon jij:

Kondisyon/Rezilta Tès VIH (Ou dwe otorize yo chak alekri)	Kominikasyon avèk Travayè Sosyal
Konsantman pou avòtman	Konsèy pou Viktim Vyolans nan Kay
Maladi Moun Pran nan Fè Bagay	Konsèy pou Viktim Kadejak
Rezilta Tès Jenetik	Dosye Abi Alkòl ak Dwòg
Kominikasyon avèk Pwofesyonèl Sante Mantal (sikològ, sikyat, enfimyè espesyalis sante mantal, konseye lisansye sante mantal, fanmi ki nan maryaj, sikològ reyabilitasyon ak edikasyon, espesyalis terapi fanmi)	

Pandan Konbyen Tan Nou Konsève Enfòmasyon Medikal Ou?

Nou anrejistre enfòmasyon sou sante ou nan papye, sou fòm elektwonik ak fotografik, epi nou konsève yo pandan ven (20) ane apre egzemat ou oswa tretman final. Nou pa gen pou konsève film ak eskanografi radyoloji, lòt dosye imaj, trase EEG/EKG; bann pou kontwòl tibebe nan vant ak done tès sikolojik brit pandan tout tan sa a, epi nou ka detwi yo senk (5) ane apre dat sèvis la.

Responsablite nou yo

- Nou gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe sekre ak sekirite enfòmasyon pwoteje sou sante ou.
- N ap fè ou konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki te ka menase sekre oswa sekirite enfòmasyon ou yo.
- Nou dwe swiv responsablite ak pratik pwoteksyon enfòmasyon prive ki dekri nan avi sa a epitou nou dwe ba ou yon kopi ladan.
- Nou p ap ni itilize ni divilge enfòmasyon ou yo pase sa ki dekri la a sof si ou di nou kapab fè sa alekri. Si ou di nou kapab fè sa, ou ka chanje lide ou nenpòt kilè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon gade: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan Kondisyon Avi sa a

Nou kapab chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplike nan tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou, ak nan sitwèb nou.

Dat sa a anviyè se 23 septanm 2013.

Avi sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive a aplike nan òganizasyon ki endike anba la yo.

- Nenpòt pwofesyonèl swen sante ki otorize pou antre enfòmasyon yo nan dosye lopital ou
- Nenpòt pwofesyonèl swen sante ki se yon manm BMC Medical Ak Ekip Dantè a
- Tout manm pèsonel BMC, tankou anplwaye, ekip, volontè ak lòt pèsonel lopital la

Boston Medical Center ak sant sante Boston HealthNet sa yo divilge enfòmasyon sou sante ou pou patisipe nan yon sistèm distribisyon swen sante entegre epi pou yo angaje nan yon kantite aktivite komen tankou evalyasyon kalite sèvis yo:

Codman Square Health Center
The Dimock Center
Dorchester House Multi-Service Center
East Boston Neighborhood Health Center
Geiger-Gibson Community Health Center
Greater Roslindale Medical and Dental Center
Harvard Street Neighborhood Health Center
Health Care for the Homeless

Manet Community Health Center
Mattapan Community Health Center
Neponset Health Center
South Boston Community Health Center
South End Community Health Center
Upham's Corner Health Center
Whittier Street Neighborhood Health Center

Kontakte Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive nan 617-414-8100; TTY: 800-439-2370
(pou moun ki gen pwoblèm pou tande)
privacyofficer@bmc.org
www.bmc.org